



Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KA KE OU TE RATE LI: ATIK OPINYON GOUVÈNÈ HOCHUL NAN HOUSTON
CHRONICLE: REDEKOUJAJ ELEKTORAL NAN TEKSAS LA SE YON
'ENZIREKSYON LEGAL.' DEMOKRAT YO TA DWE 'KONBAT DIFE AK DIFE.'**

Jodi a, Houston Chronicle pibliye yon atik opinyon pa Gouvènè Kathy Hochul ki souliye angajman li pou pwoteje Nouyòk yo nan mitan batay redekoujaj elektoral k ap dewoule nan eta Texas la. Gouvènè a te diskite kijan demokrat yo atravè peyi a dwe reziste kont atak san pitye sa yo ki vle afebli demokrasi ak pratik sakre pou vote na Etazini. [Ou kapab wè tèks atik opinyon an sou entènèt](#) epi li disponib anba a:

Jiska prezan, Demokrat yo te trete sistèm politik nou an tankou li toujou gouvène pa nòm, pwoteje pa limit epi anrasinen nan jistis. Règ yo te fèt pou yo swiv yo. Li fè mal pou m di sa, men epòk sa a fini. Depi lè Donald Trump monte sou pouvwa a, Repibliken yo deklare lagè kont pèp Ameriken an. Yo [te koupe swen sante](#), yo te retire [pwogram nitrisyon yo](#), epi yo [te anpyete sou](#) Tribinal Siprèm nan pou yo te ka rache libète nou te konn pran pou garanti. Epi kounye a, y ap eseye manipile règ demokrasi a li menm.

Sou direksyon Prezidan Trump, Repibliken nan Chanm Reprezantan Eta Texas yo ap eseye redesine kat jewografik kongrè yo nan mitan deseni an, se yon fason agresif pou pran pouvwa pou ranvèse jiska senk plas Demokrattik aktyèl yo. Yo divize divès kominote nan Houston, Dallas ak sou fwontyè a pou fèmen bouch votè ki rete la yo.

Sa Texas ap fè a se pa yon estrateji entelijan, se yon krim politik — y ap mete dife nan demokrasi nou an pou yo ka kenbe pouvwa a. Sèl solisyon ki disponib se konbat dife ak dife. Sa a se pa sèlman yon pwoblèm Texas. Lè Repibliken yo manipile kat elektoral kongrè a nan yon eta, sa febli reprezantasyon nan tout eta yo. Chak syèj enjis yo kreye dezekilibre Kongrè a plis toujou. Si yo demele yo kounye a, 2026 pral premye nan anpil eleksyon yo vòlè.

Mwen ka gouvènè Nouyòk, men mwen p ap chita bwa kwaze ak nanm timid pandan Repibliken yo ap demonte demokrasi a. Se pa moun sa nou ye. Epi sètènman pa lidèchip sa a moman mande.

Se poutèt sa mwen te fyè pou m te resevwa Demokrat nan Chanm Reprezantan Texas yo semèn sa a. Fonksyonè piblik sa yo te kite eta a pou swiv yon taktik lejitim ak legal pou refize Repibliken yo yon kowòm epi pou anpeche konplo sa a sou kous li. Jan John

Lewis te delare a, pafwa ou oblije antre nan bon pwoblèm. Se sa y ap fè — epi yo pa poukont yo.

Anvan reyinyon nou an nan Kapitòl Eta Nouyòk la, mwen te envite manm delegasyon yo nan rezidans gouvènè a, yon kay ansyen gouvènè Franklin Delano Roosevelt te okipe a. Mwen te vle reprann fòs nan egzanp li. Li te gide nasyon sa a nan kèk nan jou ki pi nwa li yo. Menm jan ak FDR, nou konnen pou ki moun n ap goumen e kont ki moun n ap goumen.

Paske batay sa a pa gen rapò ak kat. Li konsène valè. Enpasyalite. Libète. Reprizantan. Esans menm repiblik nou an.

Nan Nouyòk, nou montre sa ki posib lè ou elaji aksè ak bilten vòt la olye pou ou siprime li. Mwen [te siyen](#) Lwa sou Dwa Vòt John R. Lewis (John R. Lewis Voting Rights Act) la an 2022, [lwa inik ki pi solid nan peyi a](#). Mwen te elaji enskripsyon votè yo epi mwen te aplike vòt bonè pa lapòs. Lè Demokrat yo dirije, demokrasi vin pi fò.

Men, nou pa ka fè li poukont nou. Se poutèt sa mwen an kontak sere avèk Lidè Demokrat nan Chanm Reprizantan an, Hakeem Jeffries, ansanm ak lòt moun k ap travay sou fason eta yo ka kowòdone estrateji legal, lejislatif ak konstitisyonèl pou yo replike. N ap revize tou opsyon legal ak lejislatif pou nou redesine pwòp kat nou yo nan Nouyòk. Si Repibliken yo ap chanje règ yo, n ap rankontre yo sou menm teren an, avèk estrateji, avèk detèminasyon e san eskiz. Gen moun ki pral di sa twò agresif. Mwen di li nesesè.

Sa Repibliken Texas yo ap fè sou direksyon Trump la se pa lòt bagay pase yon enzyon legal sou Kapitòl nou an. Men, itilizasyon yon sistèm legal pa fè li lejitim. Se yon detounman demokrasi. Epi li dwe sispann. Yon nouvel rapid pou Repibliken Texas yo: sa a se pa Far West la. Nou p ap rete espektatè pandan y ap vòlè demokrasi nou an nan yon vòl diljans modèn.

Mwen kwè fondamantalman ke byenke rezidan Texas yo ak Nouyòkè yo gen pwòp diferans pa yo, nou dakò sou jistis debaz la. Ou pa ta dwe triche pou w avanse. Epi ou dwe dispoze defann enstitisyon demokratik yo ki fè nasyon sa a tèlman eksepsyonèl. Ameriken yo fini ak mechanste, dezòd ak lachte yo te temwen depi lè 2025 te kòmanse. Yo pare pou vote kont Repibliken yo — epi Repibliken yo konnen sa. Se poutèt sa y ap manipile match la anvan pwochen kout siflè a sonnen. Men, nou pa ka kite yo demele san yon batay. Se pa sou siveyans mwen.

Si ou refize goumen pou demokrasi, ou kondane pou pèdi li. Mwen pa t antre nan sèvis piblik la pou m pèdi. Mwen te antre pou goumen epi pou genyen pou pèp m ap sèvi a. Pou chak rezidan Texas k ap kenbe tèt ak konplo Trump ak Abbott la, nou nan bon bò listwa a. Nou fyè pou nou kanpe avèk ou.

Pou rès Etazini a, pa pè rantrè nan batay sa a. Si yo reyekri règ yo, nou menm tou n ap fè sa.

Tout bagay jis nan lanmou ak nan lagè. Ann demare.

Kathy Hochul se 57è ak premye fi gouvènè nan Eta Nouyòk.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)